Réewum Jullit wu Moritani

Goré - Mbookkoo - Yoon

Njawriñ gi ñu dénk njàng mi ak coppite njàngin mi

DAARA NGIR YOKKUTE AK JÀNG CI LÀKKI RÉEW MI

# DAMAY JÀNG WOLOF

## ATUM ÑAAREEL

# DAMAY JÀNG WOLOF

## (ÑAAREELU LÀKK)

### ATUM 2eel

Dessins et Infographie: Abdoul Bâ

© IPELAN 2025

ISBN: 978-2-37700-517-8

# Kanamal

**Ngir dolli gëdd njàng mi ak njàngale mi bànqaas gi saytu njàng mi ak njàngale mi ci Moritani amal na camp ngir wone làkki réew mi. Ngir waajal duggug làkki réew mi : pulaar sooninke ak wolof ngir ñu jot jëmu yu am solo yi ñu wax ci tërëlinu dëggërël njàng mi. Moo tax jumtu njàngale mi, ñu xalaat, te camp yiy toppatoo njàngum làkki réew mi, amal ko, war doon tegu ci yéene yi bànqaas gi am ci dëgërël xam xam yi ci njàng mi. Mu am solo su mag ngir jëfëndikoo làkki réew mi, ni xam xam ak jëmu njàngum dawal bu atum ñaareel. Njumtu njàng moomu ñoo ngi ko bind ci kaw ay doxal seet yu wòor ñu amal leen ci àddina mu dëppoo ak jamono ji réew mi tollu. Boole ci xam xamu njàng mu lalu mi, yi manul ñàkk ci njàngum dawal mu atum ñaareel, mi wane ci sukkandiku ci làkk yi xalé yi di làkk, mën ko dégg, jêl yu ñu mën tas ngir xam lu ñu wund, dana tax xale bi mën jàng bu jub. Ci sukkandiku natt yi, amalug téere bi laaj, mënees na yaakaar ni jumtu lii dana doon tegu gu am solo, guy indi tontu lu am ci bëgg- bëggu bànqaas gi saytu jàng mi ak njàngale mi, ci yokk gu wòor njàngu ndongo yi.**
**Nuy gërëm ñëpp ñi ci jàpp bamu am ci seen jàppale te di ñaan ñëpp ñi jot ci téere bi ñu jëfëndikoo ko na mu gëné.**
**Di beral ngërëm ñii amal taxawaay bu mucc ayib bi ba téere bi mëna yéemb. Ñu ci melni :**

**Sëriñ Elbu Mamadu Ndaw:** Njiitu bànqaas giy gëstu ak saytu làkki réew mi.

**Sëriñ Rawaan Maxtaar Jòob:** mu ñu dénk wàllum làkku wolof.

**Soxna Fanti Daam Faal:** mu ñu dénk wàllum xarala yu bees yi

**Sëriñ Jibi Amadu Gay:** di ku xam xamam màcc ci làkku wolof.

**Sëriñ Yuusuf Gëy:** di kàngam ci làkku wolof.

**Usmaan Ba:** kiy jokklante liggéey bi

**Dr. Mbuh Seta Jagana:** Njiit lu mag gu IPELAN.

# Dugal gi

Bànqaas gi saytu njàng mi ak coppite tërëlinu jàng mi ak njàngale mi, bàyyi xel ci li war ngir saafara jafe- jafe yi aju ci mokkal njàngum dawal gi ak mbind mi ci njàng mu lalu mi, taxaw na ci dugal njàngin wu bees, jublu ci dooleel xam-xami ndongo yi. Teg nañu tërëlin bu ñuy topp ci njàngum dawal ak mbind. Ci loolu lañu defar téere bii ngir ndo,go yu nàmpul làkk wi, dimbali jàngalekat bi ngir yombalal ko njàngum njàngale dawal ak mbind.

Ñu ngi ko defar ci deggoo ak njàng mi ñu yoonal ci atum ñaareel bi njàng mu lalu mi ak séddëlé jotaayu bés bi.

Dégtu yi a ngiy am toppkaay kàddu yuy wan jàngalekat bi beneen xarala njàngale tas kàddu.

Ci njàngum dawal mànkoo nañu ci xam-xami doxalin yi lalu, nu déeggee dég-degu baat bi bañ déeggee turam. Doxalin bii mooy bi mënul ñàkk.

- Téeré bi tëgg na ci ko ci ñetti pàcc:
- Pàcc bu jëkk bi jagleel na ñu ko nafarug dégtu yu wees ci at mu njëkk mi jêm ci wàllu araf yi ñu seexal, araf nosal ak araf yu ñu dul seexal mukk.
- Ci pàcc ñaareel bi digtal nañu leen ci ay jukki yu ànd ak ay laaj aki jéemantu.
- Pàcc bu mujj bi nak ñoo ngi ko jagleel ay jukki, ay léeb ay taalif ay woy ay cax ngir sawarloo ndongo yi ci njàngum dawal..
- Téere bi a ngi lamboo ci ñareelu pàcc bi 7 këmbu. Këmb lu nekk am na 4 dégtu yu tëdde nii.
- Këmbu 1 : Njaboot gi
- Dégtu1 : Waa kër Aysa
- Dégtu 2 : Nuyoo yi
- Dégtu 3 : Togg yi
- Dégtu 4 : liggéey i kër gi

- Këmbu 2 : Njàng mi
- Dégtu1 : Daray alquraan
- Dégtu 2 : Ubbite daara ji
- Dégtu 3 : Biir yéen bi
- Dégtu 4 : Dal lu bi
- Këmbu 3 : Wér gi yaram
- Dégtu1 : Cet gi
- Dégtu 2 : Mbas mi
- Dégtu 3 : Kër doktoor
- Dégtu 4 : Besub ñàkk.
- Këmbu 4: Xarala yu bees yi
- Dégtu 1: Jollasu
- Dégtu 2: Nosukaay
- Dégtu 3: Televisoŋ
- Dégtu 4: Pano soleer

.

## Dugal gi

- Këmbu 5 : Njóol yi.
- Dégtu1 : Bitigu Amet Naar
- Dégtu 2 :Jàngalekat bi
- Dégtu 3 : Ñawkat bi
- Dégtu 4 : Lakk katu mburu

- Këmbu 6 : Xew yi
- Dégtu1 : Moom sa réew
- Dégtu 2 : Kori gi
- Dégtu 3 : Tabaski wi
- Dégtu 4 : Gàmmu gi

- Këmbu 7 : Po yi ak Tàggat yaram
- Dégtu1 : Làmb ji
- Dégtu 2 : Tabax
- Dégtu 3 : Po wuum raaya
- Dégtu 3 : Futbal (Wéq daw)

Dégtu yu ñu jàpp, doxalin la ñuy topp, ñu séddaliku ci ay tollu. Tollu yi dañu leen wone ngir yombalal jàngalekat bi dégginu xarala wu gën ci njàngale làkk wi te it di dëgëral doxalinu njàng mi ci biir yéenam.

.

# Ālluway fànn


| | |
|---|---|
| Nafar : | 10-22 |
| Këmbu1 : Njaboot gi | 23 |
| Degtu1 : Waa kër Aysa | 24-25 |
| Degtu 2 : Nuyoo yi | 26-27 |
| Degtu3 : Togg yi | 28-29 |
| Degtu 4 : Ligéeyi kër | 30-31 |
| këmbu 2: Njàng mi | 32 |
| Degtu 1 : Daaray al quraan | 33-34 |
| Degtu 2 : Ubbite Ekool | 35-36 |
| Degtu 3 : Ci biir yéen bi | 37-38 |
| Degtu 4 : Dal lu bi | 39-40 |
| Këmbu3 : Wér gi yaram | 42 |
| Degtu 1: Cet gi | 43-44 |
| Degtu 2 : Mbas mi | 45-46 |
| Degtu 3 : Kër doktoor | 47-48 |
| Degtu 4 : Bésub ñakk | 49-50 |
| Këmbu 4: Xarala yu bees yi | 52 |

# Ālluway fànn


| | |
|---|---|
| Degtu 1: Jollusu | 53-54 |
| Degtu 2: Nosukaay | 55-56 |
| Degtu 3: Televisoŋ | 57-58 |
| Degtu 4: Pano soleer | 59-60 |
| Këmbu 5 : Njóol yi | 62 |
| Degtu 1 : Bitigu Amet Naar | 63-64 |
| Degtu 2 : Jàngalekat bi | 65-66 |
| Degtu 3 : Ñawkat bi | 67-68 |
| Degtu 4 : Lakk katu mburu | 69-70 |
| Këmbu 6 : Xew yi | 72 |
| Degtu 1 : Moom sa réew | 73-74 |
| Degtu 2 : Kori gi | 75-76 |
| Degtu 3 : Tabaski wi | 77-78 |
| Degtu 4 : Gàmmu Mawluud | 79-80 |
| Këmbu 7: Po ak tàggat yaram | 82 |
| Dégtu 1 : Làmb ji | 83-84 |
| Dégtu 2 : Tabax | 85-86 |
| Dégtu3 : Po wuum raaya | 87-88 |
| Dégtu4 : Wéq daw ( Futbal) | 89-90 |

# Abajada wolof

**Ma jàng:** Abajada bi ci mbindin wu wuute: mbindin wu dijj ak wu sew.

**a-ã-à-b-c-d-e-é-ë-f-g-h-i-j-k-l-m-n-ñ-ŋ-o-p-q-r-s-t-u-w-x-y**

**A-Ã-À- B- C- D- E-É- Ë- F- G -H-I- J- K- L- M- N- Ñ -Ŋ- O- P- Q- R- S-T- U- W- X- Y**

**Ma jàng raf nga yu gàtt yi ak yu gudd yi:**

**a-ã-à-e-é-ë-o-ó-u-i**

**aa-ee-ée-ëe-oo-óo-uu-ii**

**Ma tëgg dog ibaat mi:**

**Dog baat yi:**

an - añ - in - en - én - ën - on - ón - un
am - im - em - ém - ëm - om - óm - um.
aan - iin - een - éen - ëen - oon - óon - uun
aam - iim - eem - éem - ëem - oom - óom – uum

.

**Baat yi:**

mën - xaañu - jën - nen - ron - diine - waane - daanu
cin - lanc - pénc - fóon - bunt - alom - dërëm - óom
juum - ñoom - bëer - jaam - ñaan - jéem - wundu

**Kàddu yi:**

Tëgg bi nàmm na sémmiñ wi.
Yaama tàbbal na baag bi ci teen bi.
Ndaw si ëmb na añ bi ci waañ wi.

## Ma tàqale araf yi :

Xaañu ..................................................................................................
Jën ......................................................................................................
nen .....................................................................................................
ron ......................................................................................................
diine ..................................................................................................
pénc ...................................................................................................
bunt ...................................................................................................
alom ...................................................................................................
dërëm .................................................................................................
juum ...................................................................................................
ñoom ...................................................................................................
jéem ...................................................................................................
wundu .................................................................................................

## Ma tàqale araf yi te jàng:

daanu .................................................................................................
pénc ...................................................................................................
dërëm .................................................................................................
óom ....................................................................................................
ñoom ...................................................................................................
jaam ...................................................................................................
ñaan ...................................................................................................

## Ma tëgg dogi baat mi:

bb–mm–nn–ññ–ŋŋ-pp- ww – yy
BB-MM- NN- ÑÑ- ŋŋ – PP- WW - YY

## Araf wi: B

Dog baat yi: ba – bi – be – bé – bë -bo – bó -bu
abb – ibb – ebb -ébb -ëbb- obb -óbb - ubb
baa – bii- bee – bée-bëë – boo – bóo -buu
Baat yi: baaba -biibi – ubbi- bëer – nëbb - boot

Kàddu gi: Baaba boot na Buuba.

## Araf wi: M

Dog baat yi: ma – mi – me – mé – më -mo – mó -mu
amm – imm – emm -émm -ëmm – omm – ómm -umm
maa – mii- mee – mée-mëë – moo – móo -muu
Baat yi:: nemm- gëmm- ñumm- rakkam- dammat
Kàddu gi: Gàmmu dafa gëmm ni nemm ci biir neeg bi.

## Araf wi: N

Dog baat yi: ma – mi – me – mé – më -mo – mó -mu
amm – imm – emm -émm -ëmm – omm – ómm -umm
maa – mii- mee – mée-mëë – moo – móo -muu
Baat yi:: nemm- gëmm- ñumm- rakkam- dammat
Kàddu gi: Gàmmu dafa gëmm ni nemm ci biir neeg bi.

## Araf wi: Ñ

Dog baat yi: ña – ñi – ñe – ñé – ñë -ño – ñó -ñu
aññ – iññ -eññ -éññ – ëññ- oññ – óññ - uññ
ñaa – ñii- ñee – ñée-ñëë – ñoo – ñóo -ñuu
wàññi – suñel – waññiku- ŋàññ- xàññ- nàññ -ràññiku
Kàddu gi: Ŋàññ sa ñoñ du jëf ju rafet.

## Araf wi: ŋ

Dog baat yi: ŋa – ŋi – ŋe – ŋé – ŋë -ŋo – ŋó -ŋu
aŋŋ – iŋŋ – eŋŋ -éŋŋ – ëŋŋ – oŋŋ -óŋŋ -uŋŋ
ŋaa – ŋii- ŋee – ŋée-ŋëë – ŋoo – ŋóo -ŋuu

Baat yi: faŋŋe- doŋŋ – pëŋŋ – koŋŋ – noŋŋ

Kàddu gi Dëgg gu ne fàŋŋ kenn du ko jéex.

## Araf wi: P

Dog baat yi: pa – pi – pe – pé – pë -po – pó -pu
app – ipp -epp – épp -ëpp -ópp -opp - upp
paa – pii- pee – pée-pëë – poo – póo -puu

Baat yi: koppar – sippax – jàppoo - uppu - sàpp –

Kàddu gi: Supp bi saf na sapp.

## Araf wi: W

Dog baat yi: wa – wi – we – wé – wë -wo – wó -wu
aww – iww -eww – éww -ëww -óww -oww - uww
waa – wii- wee – wée-wëë – woo – wóo -wuu

Baat yi: xewwi– fàww– yàwwiku - newwi - jaww –

Kàddu gi: Roppalaan ci jaww gi lay naaw.

## Araf wi: Y

Dog baat yi: ya – yi – ye – yé – yë -yo – yó -yu
ayy – iyy -eyy – éyy -ëyy -óyy -oyy - uyy
yaa – yii- yee – yée-yëë – yoo – yóo -yuu

Baat yi: tàyyi – baayima – ñayy - yaayam - noyyi

Kàddu gi: Sama baay bëggul ku dóor baayima.

## Ma tàqale araf yi :

Baaba: b-a-a-b-a
Bakari :..... a ..........................................
Bërëb : ..... b ..........................................
Buubu: ...................................................
Nemm ....................................................
gëmm ....................................................
ñumm ....................................................
rakkam ..................................................
gannuus .................................................
junni ...................................................
jinne ...................................................
wàñña ...................................................
suñel ...................................................
waññeeku ................................................
ŋàññ ....................................................
faŋŋe ...................................................
doŋŋ ....................................................
pëŋŋ ....................................................
koppar ..................................................
sippax ..................................................
jàppoo ..................................................
fàww. ...................................................
yàwweeku.................................................
tàyyi ...................................................
baayima .................................................

## Ma tàqale araf yi te jàng:

Buubakar ................................................
nëbbatu ..................................................
jubb .......................................................
bóli .........................................................
bàcc ........................................................
ñumm ....................................................
rakkam ...................................................
dammat ..................................................
gannuus ...............................................
junni ......................................................
jinne-......................................................
wàññi ....................................................
suñel .....................................................
waññeeku...............................................
pëŋŋ .....................................................
koŋŋ ......................................................
doŋŋ........................................................
sippax ...................................................
jàppoo ..................................................
uppu ......................................................
newwi ....................................................
jaww ......................................................
ñayy........................................................
noyyi .....................................................

# Ma tëgg dogi baat mi:

**Dog baat yi:** cc- dd - gg- jj- kk- ll- tt
CC – DD- - GG- JJ- KK- LL – TT

## Araf wi: C

**Baat yi:**
acc – icc- occ - ócc- ucc - ëcc - écc
accaa – iccii - occoo - occóo – ëcc- eccée
gàcce – rocc – fecc- rëcc -ticc
Caane faram- facce na cax wi.

## Araf wi: D

add – idd- odd - ódd- udd - ëdd - édd
iddaa – addii - addoo - addóo – eddë- addée
**Baat yi:** Daawuda - gudd - gëdd - wàdd - séddale
**Kàddu yi:** Daawuda gëdd na wàdd.

## Araf wi: G

agg – igg- ogg - ógg- ugg - ëgg - égg
aggaa – iggii - gogoo - góo – gë- gée
**Baat yi:** gan - gancax – guddi - gën – góom
**Kàddu yi:** Gan gi guddi la agsi

## Araf wi: J

ajj – ijj- ojj - ójj- ujj - ëjj - éjj
jaa – jii - joo - jóo – jë- jée
**Baat yi:** jaan - jëf - jiixi-jaaxa -jafe-jafe -jinax
**Kàddu yi:** Jaan ji jàpp na jinax.

**Araf wi: K**

**Baat yi:** akk – ikk- ikk - ókk- ukk - ëkk - ékk
kaa – kii - koo - kóo – kë- kée
**Kàddu yi:** dëkk- jokkoo- fukk- jakkaarloo
**Baat yi:** Takkal benn sikket wi ba du ruur.

**Araf wi: L**

all – ill- oll - óll- ull - ëll - éll
laa – lii - loo - lóo – lë- lée
**Baat yi:** ëllëg – xollit – yullit- allal – wallu
**Kàddu yi:** Suba teel la Tàlla jóg xelli sexaw .

**Araf wi: T**

att – itt- ott - ótt- utt- ëtt - étt
taa – tii - too - tóo – të- tée
**Baat yi:** fettax – bett– kott- fàtte – àtte
**Kàddu yi:** Nanu jàpp nag wu gàtt wee, ratt ko

**Ma tàqale araf yi :**
gàcce ----------------------------------------
rocci -------------------------------------------
fecc --------------------------------
gëdd – -----------------------------
wàdd -----------------------------
séddale ----------------------------
gan -------------------------------
gàncax ---------------------------------
guddi ---------------------------------------
jaan – -----------------------------------
jëf ---------------------------------------------
jinax --------------------------------------------
**Ma tàqale araf yi te jàng:**
Dëkk -----------------------------------
Jokkoo ------------------------------------
Jakkaarloo -----------------------------------
ëllëg -----------------------------------------
xollit -------------------------------------------
allal ------------------------------------------------
wallu ------------------------------------------------
rëcc ---------------------------------------------------
ticc -------------------------------------------------------------

# Ma jàng : f – r – s – x – q

## Ma tëgg dogi baat mi:

Araf wi: **f**

Dogi baatyi: fa-fi- fu -fo- fe - fë – fó
faa-fii- fuu -foo-fëe – fóo
furi – jëf -cof -soof – roof
Faatu dafa fagaru.

Araf wi: **r**

Kàddu yi: ra – ri – ru – re -rë – ro - ró
raa – rii – ruu – ree -rëe – roo – róo
bëre – dërëm – riiru – ruur – buur
Rubba réer na ca Rooso

Araf wi: **s**

Kàddu yi: sa – si – su – se -së – so – só
saa – sii – suu – see -sëe – soo – sóo
seey – saabu – weesu – saaku
Sooda summi na simis bi mu soloon

Araf wi: **x**

Kàddu yi: xa – xi – xu – xe -xë – xo – xó
xaa – xii – xuu – xee -xëe – xoo – xóo
xale – xaj – xar -baax – xeex – neex.
Ñeexum kaanee saf te wex.

Araf wi: **q**

Kàddu yi: q: qa – qi – qu – qe -që – qo – qó
qaa – qii – quu – qee -qëe – qoo – qóo.
Caq – ñaq – taqale – janq – ruq.
Janq bi takk na caq bu mboq

## Ma tàqale araf yi :

furi ..................................................
jëf ..................................................
cof ..................................................
soof ..................................................
roof..................................................
bëre ..................................................
dërëm ..................................................
riiru ..................................................
seey ..................................................
weesu ..................................................
saaku..................................................
xale ..................................................
baax ..................................................
xeex ..................................................
Caq..................................................
ñaq..................................................
taqale ..................................................

## Ma tàqale araf yi te jàng:

jëf ..................................................
soof ..................................................
bëre ..................................................
riiru ..................................................
seey ..................................................
xale ..................................................
xeex ..................................................
Caq ..................................................

# Ma jàng : mb -mp- nd- nj- ng –

## Ma tëgg dogi baat mi:

**Araf wi: mb**

Dogi baatyi: mba- mbi- mbu- mbë - mbo- mbó
mbaa-mbii- mbuu- mbee-mboo- mbóo
Baat yi mbaq - mbir- mbokk- mbër -mbumbaay
Kàddu yi: Asta lonkoo na saag am dem jàngi

**Araf wi: mp**

Kàddu yi: mpa- mpi- mpu- mbë- mbo- mbó
mpaa- mpii- mpuu- mbee – mboo- mbóo
Baat yi nàmp – domp- sump- samp -jamp- xàmp
Kàddu yi: Jigéen ji a ngiy nàmpal doomam.

**Araf wi: nd**

Kàddu yi: nda – ndi – ndu – ndë – ndo - ndó
ndaa- ndii – nduu - ndëe- ndoo- ndóo
Baat yi ndaje- mbind – ndimbal- ndënd
Kàddu yi: Xale yi muy àndal ñoo ko mag fuuf.

**Araf wi: nj**

Kàddu yi: nja- nji -nju -nje- një -njo – njó
njaa – njii- njuu- njee-një- njoo -njóo
Baat yi njàng – njàmbaar -njagamaar -njóol
Kàddu yi: Njàngum njagamaar yi am na njëriñ.

**Araf wi: ng**

Kàddu yi: nga-ngi -ngu – nge -ngë – ngo – ngó
ngaa -ngii-nguu -ngee-ngëe -ngoo -ngóo
Baat yi ngalam-ngaaka – ngoon- ngóone
Kàddu yi: Tàngoor wi mooy ñoral màngo yi.

## Ma tàqale araf yi :

mbaq ------------------------------------------------------------------------
mbër –-----------------------------------------------------------------------------
mbumbaay ----------------------------------------------------------------------
samp –------------------------------------------------------------------------------------
jamp –-------------------------------------------------------------------------------
xàmp ----------------------------------------------------------------------------------
ndaje ---------------------------------------------------------------------------------
mbind –--------------------------------------------------------------------------------
ndimbal---------------------------------------------------------------------------
njàmbaar ----------------------------------------------------------------------------
njagamaar ----------------------------------------------------------------------------
njool --------------------------------------------------------------------------------------
ngalam --------------------------------------------------------------------------------

## Ma tàqale araf yi te jàng:

mbokk ---------------------------------------------------------------------------------
mbër ---------------------------------------------------------------------------------------
domp ------------------------------------------------------------------------------
sump------------------------------------------------------------------------
ndaje -------------------------------------------------------------------------------------
mbind ----------------------------------------------------------------------------------
njàng –-------------------------------------------------------------------------------------
njàmbaar ---------------------------------------------------------------------------------
ngoon -------------------------------------------------------------------------
ngóone ------------------------------------------------------------------------------------

# Ma jàng : nk- nc- nt- nq

## Ma tëgg dogi baat mi:

**Araf wi: nk**

Dogi baatyi: nki -nka-nku-nke- nkë- nko -nkó
nkii -nkaa-nkuu-nkee- nkëe- nkoo -nkóo
Baat yi tënk -mànkoo – tànk -lonku -ponkal
Kàddu yi: Janq bu pànk moo song ponkal mii.

**Araf wi: nc**

Kàddu yi: nca -nci – ncu-nce- ncë -nco – ncó
ncaa -ncii – ncuu- ncee- ncëe -ncoo – ncóo
Baat yi gàncax – cànkute – dénceef- xànc- sancaan
Kàddu yi: compal ma tuuti ceeb ma lanc

**Araf wi: nt**

Kàddu yi: nta -nti -ntë -ntu – nto -ntó
ntaa -ntii -ntëe -ntuu – ntoo -ntóo
Baat yi ngénte , gàntu, tontu ,
Kàddu yi: Yaay gont na jëm ngente Fànta

**Araf wi: nq**

Kàddu yi: nqa – nqi – nqë – nqu- nqo – nqó
nqaa – nqii – nqëe – nquu- nqoo – nqóo
Baat yi wànq – xonq- sànq – tanqal
Kàddu yi: Wànq moo ko saw sànq.

## Ma tàqale araf yi :

tënk –---------------------------------------------------------------------
mànkoo ---------------------------------------------------------------------
tànk -----------------------------------------------------------------------------
gàncax -------------------------------------------------------------------
cànkute ------------------------------------------------------------
ndundéef ------------------------------------------------------------------
ngénte ---------------------------------------------------------------------------------
gàntu ----------------------------------------------------------------------------------
tontu -------------------------------------------------------------------------------
wànq --------------------------------------------------------------------------------
xonq --------------------------------------------------------------------------------
sànq ---------------------------------------------------------------------------------
tanqal ----------------------------------------------------------------------------

## Ma tàqale araf yi te jàng:

Lonku ---------------------------------------------------------------------
Ponkal ----------------------------------------------------------------------------
ngonk -------------------------------------------------------------------------------
mànkoo ----------------------------------------------------------------------------
gàncax ---------------------------------------------------------------------------
cànkute --------------------------------------------------------------------------
xànc ---------------------------------------------------------------------------------
ngénte ----------------------------------------------------------------------------
gàntu ------------------------------------------------------------------------------
tontu -------------------------------------------------------------------------------
wànq –----------------------------------------------------------------------------
xonq---------------------------------------------------------------------------------
sànq –-------------------------------------------------------------------------------
tanqal -----------------------------------------------------------------------------

## Bukkeek lëg

Léébóón !

Lippóón !

Amoon na fi !

Daan na am.

Ba mu amee, yéen a ko fekke ?

Yaa wax nu dégg

Lëg, xëy na suba teel, genn xunt ma mu dëkk.

Bukki bu xiif romb fa.

Mu gis ne xunt um Lëg, kenn nekku ci.

Bukki yaakaar, ne: « Ràbbu àll dina fi fanaan si téy.

Fii ba muy ñëw, dina ko xaar, lekk ko ! »

Guddi jot, Lëg dellusi cim xunt am.

Waaye ku yeewu la.

Mu woote : « Xunt sama, ñëw naa ! »

Bukkee ngi xaar rekk.

Bukki di xalaat, naan: « Lu Lëg di wax ak xunt mi nii ? »

Lëg dellooti ne : « Xunt sama, dama ne nga wuyu ma su ma dellusee.

Boo ma wuyuwul, ma dem fanaan feneen ! »

Bukki xalaat, ne : « Feek maa ngi fi, xunt mi du wuyu Lëg, te kon Lëg dina dem. »

Noonu, Bukki daldi yuuxu : « Lëg, yegsil ! Jàmm rekka fi yendu ! »

Waaye Lëg ni tekk, gësëm nopp ya, ne : « Xunt muy wax ?

Kenn mësu koo gis ! Boo demee, Bukkee

Noonu, Lëg ni pëqét ree, daldi fëx dem yoon am, bàyyi fa Bukki, mu ni yàcc.

## Sunu waa kër

**Sunu waa kër ñooy lépp ci man,**
**baay, yaay, mag ak ràkk,**
**umpaañ , nijaay, bàjjan,**
**maam bu góor ak bu jigéen**
**ñu ngi fa itam, dañu bëggante lool.**
**Suba teel, nu yewwu, ak mbegte,**
**lii amul fenn,**
**Ci ndékki li , nu bokk  tàmbali sunu bés ak cawarte.**
**Guddi gi, nu daje, di nettali sunuy jaar-jaar,**
**di firndeel, sunu mbëggeel,**
**ci saa su nekk.**
**Sunu waa kër ñooy sama alal, Ak ñoom, duma masa ragal,**
**Ci bànneex, ci naqar, danuy bennoo,**
**ak lu man a xew**

Sëriñ Rawaan Jóob

# WAA KËR GI



**Waxtaan ci diggante Baay ak Yaay**

**Baay :** xale yi yeewu nañu

**Yaay :** waaw ! Mansóor ak Siidi seddi ji nañu

**Baay :** Maxtaar nag ! boo demee ma nga fooroo mbàjj am.

**Yaay :** Yeewu na sànq ba sawi na xar yi.

**Baay :** Maa ngi sangi na fas wi ?

**Yaay :** Waaw! wajan wi dafa rëccoon mook mool wi.

# Jukki bi:

Mansóor ak Siidi ñooy seddi ji, saa ñu indi jën yu bari, saa ñu kaaya. Suñu indee jën yaay dindi rëndu kër gi ba noppi may dëkkandoo yi dora jaay li des .Maxtaar mooy sàmmi xar yi ca wetu tool ya. Wajan wi dafa tekkee ku dem yóbbaale mool wa.
Waaye teel na ñu leen jàpp; ndax sore wuñu woon , ci wetu tool yi lañu nekkoon topp ñax mi. Moo tax Baay gaaw leen jàpp.

## Laajte nemmeeku:

- **Laajte nemmeeku:**

1- Génneel baatu "seddi" ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "sawi"?

- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Ndax xale yi yeewu nañu ?
2- Ana Siidi ?
3- Lu Maxtaar di def ?
4- Fu baay jëm ?
5- Luy wajan ?

# NUYOO YI



**Waxtaan ci diggante Maam xadi ak Bàjjan Aana**

**Maam xadi :** Salaamaalikum Aana! Jàmm nga fanaane ?

**Aana :** Waaleykum salaam umpaañ ! Jàmm rekk.

**Maam Xadi :** Teel nga yeewu de, foo jëm xanaa?

**Aana :** Damay fóoti samay yëré ak yëré xale yi.

**Maam Xadi :** Nu dem ma jàppale balaa naaj.

**Roqaya :** Déedéet jaru ko mën naa leen fóot ?

# Jukki bi:

Ngóone nuyu na Roqaya, mu fay ko ba noppi  ni ko day fóoti yeréem ak yëré xale yi. Ngóone ni ko dana ko jàppale ba taal añ jot ndax tay moo moome. Póot mi  barewul ndax yëré xale yi, Ngóone bu moome wul toog moo leen di foot. Faatim nag mooy foot yëré yaay ak baay .Baay ay mbubb rekk lay sol, Yaay yeréem daf kay gomé ba mu saf

## Laajte nemmeeku:

- Laajte nemmeeku:

- Génneel baatu "poot" ci jukki bi.
- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "yëre"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Nan la Maam Xadi nuyoo Aana?
2- Nan la ka Aana faye ?
3- Aana lu tax mu teel yeewu?
4- Lu tax Maam Xadi  bëgg ko jàpple ?
5- Ndax Aana nangu na mu jàpple ko  ?

# Liggeéyi kër gi



**Waxtaan ci diggante Yaay, bàjjan Aana ak Aysa**

**Yaay :** Bàjjan Aana footi nga ba nëw ?

**Bàjjan** Aana : Waaw waaye yëre yu diis ñoo wow agul.

**Yaay :** Aysa ! Sottal nga añ ?

**Aysa :** waaw, ana xale yi ?

**Yaay :** Siidi a ngiy suddi mbalit mi ci ginnaaw kër gi.

**Aysa :** Maxtaar nag ?

**Yaay :** Moo boq leere bi ak laŋ bi ci suufu garab gi.

.

**Baat yu jafe yi:**

**Suddi:** rato

**Leere:** martó

**Laŋ:** peel

# Jukki bi:

**Xale yi bu ñu yeewoo, ku ne ak li ngay liggéey.**
**Aana demoon na fóoti, Aysa togg añ, bi muy yakk, xale yi noppee gu ñu woon : Siidi a ngiy dajale mbalit mi, neefare fas wi ak yu xar yi. Maxtaar moo ka ciy jàpple. Baay egsee gul ndax tool ya daanu sore.Yaa Faatu bég na lool ci njabootam.**

## Laajte nemmeeku:

1- **Génneel baatu "liggéey" ci jukki bi.**
2- **Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "mburu?**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- **Yan yére ñoo wow agul? Lutax?**
2- **Lan mooy suddi ?**
3- **Lan mooy laŋ?**
4- **Kan moo fóoti woon?**
5- **Ñan ñoo séq waxtaan wi?**

# Togg yi



**Waxtaan ci diggante Maam Xadi ak yaa Faatu**

**Maam Xadi :** Looy togg añ tey ?
**Yaa Faatu :** Ceebu jën bu xonq.
**Maam Xadi:** Dem nga ja ba bay ñëw.
**Yaa Faatu:** Waaw! am naa jën weex wu baax.
**Maam Xadi:** Jën weex ! koon toggal ceeb bu weex.
**Yaa Faatu :** wax nga dëgg di,Jënu dex de, ceeb bu weex a ci dàq.

.

.

# Jukki bi:

Yaa Faatu dem na ja ba nduggi , jënd na jën weex.
Bëggoon togg ceeb bu xonq, maam Xadi ni ko jën weex, ceeb bu weex moo ci dàq.
Jënu dex moom ceeb bu weex moo ci dàq koon na dénc tamaate ji ba ëllëg mu togg ceeb bu xonq.
Kër gi moom ceeb taamu wu ñi ci bu xonq mbaa bu weex ndax benn la, waaye nak Maam moom bu weex a ko gënal rawatina bu dee jënu dex.
Xale yi ñoom, na saf rekk té am xóoñ.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "ja " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "ceeb?

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Lan la ñuy togg añ tey ?
2- Ndax loolu la bëggoon ?
3- kan moo tax mu soppi ko ?
4- Wan jën la Yaa Faatu jënd ?

# Njàng mi

Xale yi dénk naa leen;

Xale yi dénk naa leen;

Su ngéen ñibbi e bay ekool ubbi;

Su ngéen ñibbi e bay ekool ubbi e;

Na ngéen góorgóorlu, jàng baax na;

Ñàkk jàng musiba la;


Ñàkk jàng musiba la;

Bu ngéen ñibbi e bay ekool ubbi;

Bu ngéen ñibbi e bay ekool ubbi e;

Na ngéen góorgóorlu jàng baax na.

# DAARAY ALXURAAN



**Waxtaan ci diggënte Coro ak Siidi**

**Siidi :** Daara ju bees ji noppi na.
**Coro :** Xadd nañu ka démb.
**Siidi :** Koon lu tax ndongo yi gont si wuñu ?
**Coro :** Dañu soo si daa.
**Siidi :** Moo tax sëriñ a ngee lal deram di féexlu.
**Coro :** Moom bu tànge ci suufu garab gi lay yendu.

.

# Jukki bi:

Siidi laaj na Coro ndax daara ji noppi na Coro ni ko xadd nañu ka démb mu laajaat ka ana ndongo yi lu tax gont si wuñu ? Coro ni ko dañu soosi . Siidi ni ko moo tax sëriñ bi di féexlu.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "féexlu " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "mburu?

### Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Kañ la daara ju bees ji noppi ?
2- Lu tax nag ndongo yi gont si wunu?
3- lan moo di soosi daa ?
4 Fañ la sëriñ bi di yendu?

# UBBITE EKOOL




## Waxtaan ci diggante Aysa ak Abdu

**Aysa:** Abdu kañ nga ñëw?
**Abdu:** Démb laa ñëw ; Ekool ubbi na.
**Aysa:** Waaw waaw jot amatul.
**Abdu:** Fo jeex na, jàng rekk leegi.
**Aysa:** Fu ngeen demoon ci bër gi?
**Abdu:** Jëkk lanu nekkon.
**Aysa:** Man mii tamit Garak laa nekkoon.

.

# Jukki bi:

Ndongo yi demoon ci bër gi dellusi nañu ndax ekool ubbi na. Aysa ak Abdu daje na ñu di waxtaan, ku ne wax na moroomam fu mu nekkoon ci bër gi. Léegi daal fo jeex na, taxawaalu amatul jàng rekk.

## Laajte nemmeeku:


- Génneel baatu "waxtaan " ci jukki bi.
- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "sëriñ?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

- Kañ la Abdu ñëw?
- Fu mu nekkoon?
- Aysa nag, moom tamit fu mu demoon?
- Lu tax ñu dellusi ñoom ñépp?
- Lu tax ñu taamu di tukki su bër gi agsee?

# Ci biir yëen bi




**Waxtaan ci diggante Sëriñ ak ay ndongoom :**

**Sëriñ:** Ana lima leen santoon ?
**Ndongo yi :** Ma ngi nii !
**Sëriñ:** Coro, jàngal ndigal li,
**Coro:** Gëstu leen ci xët mi baat yi am raf nga yu gàtt yi ak raf nga yu gudd yi.
**Sëriñ:** Siidi, tàmbalil ak yu gàtt yi.
**Siidi:** Jeex na ñu juróom ñett rekk lañu.
**Sëriñ:** Kan moo ñuy génneel yu seex yi?...

.

# Jukki bi:

Sëriñ bi nëw na ngir tàmbali dégtu tey bi. Tàmbali laaj liggéey bii mu santaane woon démb. Ndongo yi, defar nañu ko wante, ñu fattali ndigal li ni ko coro jànge, Siidi tàmbali ci yu gàtt yi ñu doon juróom ñett. Seriñ bi laaj ana kuy génne raf nga yu seex yi. Bu aggee ñu waññi ñoom it ñaata lañu.

## Laajte nemmeeku:

- Génneel baatu "santaane " ci jukki bi.
- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "sëriñ?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

- Lan la seriñ bi santaane woon ?
- Ndax ñépp def nañu ko ?
- Kan la seriñ bi jëkk laaj !

# Dal-lu bi



**Waxtaan ci diggante Sëriñ ak Siidi :**

**Sëriñ :** Fukki waxtu jot na, génn leen.

**Siidi :** Ana sunu bal sëriñ?

**Sëriñ :** Ma ngi ci biro bi ci gannaw keesu kew yi.

**Siidi :** Sëriñ, nekkal nu arbiit.

**Sëriñ :** Jigéén ñi  randu leen ngeen kuri- kuri.

**Siidi :** Sunu sàppe ak sàppe ñoom karim ñooy joŋante.

# Jukki bi:

Bu 10 waxtu jotee ,waxtu dalu jot na, tey nag ndongo yi laaj nañu sëriñ seen bal , dañuy Futbal ! sàppe ñoom Siidi ak bu ñoom karim ñooy joŋante. Sëriñ mooy doon atté katu po mi.
Jigéen ñi futbal lu ñu dañuy kuuri-kuuri. Ndongo yi séddalekoo nañu ñaari kuréel. ku ne am foo taxawe.
Sëriñ bi ëf na mbiib mi mu ŋankoon , ñu door ,kenn du maye dara, ku ne bëgg duggal bal ci sa kã wu moroom. Jigéen ñi doon kuuri-kuuri sax da ñu mujj di seetaan ak di taccu. Yenn saa yi sëriñ bi, taxawal po mi ngir artu kenn ngir mu def ndànk. Futbal bi neex na te ndam demul ndam dikkul.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "ndongo " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "sëriñ"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Ban waxtu la ndongo yi di dal lu?
2- Tay nag lu nuy amal ci dal lu bi?
3- Sàppe ñan ak ñan ñooy joŋante?
4- Lan la sëriñ di def?
5- Fan la serin denc balu ndongo yi?

# Wer gi yaram

Man damay sàngu, man damay sàngu;

doom yaay

Moo baax ci yaram, day wàññi feebar;

doom yaay

Ndox ak saabu boole ci njàmpe;

doom yaay

Moo baax ci yaram, moo baax ci yaram;

doom yaay

Boombal  mu set te mën a dem ci nit ñi te leer

Man su ma deme ci kër, man su ma deme ci kër

Damay fëgg ndànk taxaw xaar

Bay ñu ni ma agsil may dora yegsi;

doom yaay

Ni bonjour monsieur  est ce que madame elle est la?

Su ma noppe di dém dal di ne;

Merci  au revoir.

# CETU DËKK BI



**Waxtaan ci diggante Aana ak Aysa**

**Aana :** Lu xew bay ñuy yeene?
**Aysa :** Dañuy set-setal dékk bi.
**Aana:** Fu waa dëkk bi di daje .
**Aysa:** Ca pénc ma .
**Aana :** Yëngu-yëngu askan wi la bu am solo.
**Aysa** : Ci lu leer. Rax ci dolli dafay gëna rattaxal diggante askan wi ak gën dëggaral mbokkoo gi.

# Jukki bi:

Suba si dibéer ji waa dëkk bi yépp dañuy set- setal . Yéenékat bi a ngi yëglé, jaar ci mbedd dëkk bi di xamle suba si dibéer ji dañuy set-setal.
Aana ak Aysa ñu ngi ciy waxtaan ngir xam bërëb bi ñu wara dajee. Waa dëkk bi dañu faral di set-setal weer wu nekk ngir aar dëkk bi ci jàngoro yu bonn yi.

## Laajte nemmeeku:


1- Génneel baatu "mbedd" ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "set-setal"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Luy xew suba ci dibéer ji ?
2- Kuy xamal waa dëkk bi xibaar bi ?
3- Lu Aana ak Aysa di waxtaane ?
4- Luy njariñu set-setal ?

# DISPAÑSEER BI




**Waxtaan ci diggante Aana ak Aysa**

**-Faatu :** Salaamaalikum; tabax gu rafet gii lan la ?
**-Yaasin :** Wa aleykum salaam; fii moo di Dispañseer bi .
**-Faatu :** Luy njariñam ci dëkk bi ?
**-Yaasin :**Mooy bërëbu fajuwaay bi.
**-Faatu :**Koon njàqare jeex na ci sunu dëkk ci wàllu wërgi yaram.

# Jukki bi:

Dispañseer dafa am solo ci wàllu wërgi yaramu nit ñi, rawatina ci dëkk dëkkaan yi nga xam ni seen dem ak dikk deme wul noonu.
Di nga fa mëna faju ci njëg yu yomb . Di nga fa am itam ay bànqaas yu jëm ci caytu, ñakk ak jigéenu wérul yi.
Dañuy jàppale itam ci wàllu fàggu feebar, ndax dañuy yee nit ñi ci xeeti cet.
Ba noppi ñu teela faj feebar bi ngir moytu jafe-jafe yi.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "Bànqaas " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "caytu"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Luy njariñu dispañseer ?
2- Lu ñu fay saytu ?
3- Fan la njariñam ëppe ?
4- Luy njariñu teela faju ji ?

# MBAS MI




## Waxtaan ci diggante Ya Faatu ak Aysa

**Aysa :**Dégg nga feebaru Mbas mi ñuy wax ?
**Yaa faatu :D**éedeet ! doom loolu lan la ?
**Aysa :** Xeetu jangoro bu bonn la buy walle .
**Ya faatu :** Nga ni ! koon ci yoon dañu wara moytu te sàmmoonte ak diglé doktoor.

# Jukki bi:

Mbas mi jàngoro la bu feeñ ci atum 2019.
Faat na ay junnéy-junnéy doomu aadama, taxawal koom- koomu àddina bi. Matuwaay yi wërgi-yaram yu melni sol alikëñ (maaska), baña joxe loxo ak faral di ko raxas ak di baña jaxasoo ngir bañ tasaaré mbas mi.
Ay ñakk yi gëstukat yi amal ci àdduna bi dañu am solo lool ci xeex mbas mi . Moo tax jël ñakk bi kilifa yi ŋank wërgi-yaram diglé di nga mën aar sa bopp ak ñeneen ñi.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "Mbas " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "Kilifa"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Lan mooy mbas mi ?
2- Lu mu def ci doomu aadama yi ?
3- Yan matuwaay lañu digle ci mbas mi ?
4- Ban njariñ la ñakk am bu mbas amee ?

# ÑAKK YI



**Waxtaan ci diggante Aysa ak Fajkat bi**

**Aysa :** Salaamaalikum doktoor
**Doktoor :** Maalikum salaam.
**Aysa:** Doktoor luy njariñu ñakk ?
**Doktoor :** Ñakk day aar sunu yaram ci feebar yu bare.
**Aysa :** Ndax metti na ?
**Doktoor :** Déedeet bul tiit , metti wul.

# Jukki bi:

Ñakk matu waay la bu am solo ngir sàmm wërgi-yaramu nit ñi . Da fay xeex jàngoroy feebar yi .
Mootax bay feebar yu melni wariole aki Polio faat a tuñu nit yi . Di na tax
mu wàññi wàllante jàngoro bi ci askan wi .
Ñakku yi wóor nañu, dañu leen di saytu bu baax balaa ñu leen di jëfandikoo.
Ñakk lu am solo la ngir musal wérgi-yaramu gone yiy juddu ëllëg.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "faat " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "ñakk"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Luy njariñu Ñakk ?
2- Ñakk yan feebar lay aar ?
3- Lan lay wàññi ci askan wi ?
4- Lan mooy solos ñakk.

# Xarala yu bees yi

**JOLLASU**



## Waxtaan ci diggante Siidi ak Aysa

**Siidi:** Jàmm nga yendoo ! ndax gis nga jollasu bu bees bi génn ?
**Aysa:** Jàmm rekk! Waaw, gis naa ko! Niru na lu yéemé lool.
**Siidi:** Gis nga dé dangay nekk fii di wax ak waa bitim reéw ñu lay gis nga leen di gis.
**Aysa:** Yaa ngi ciy waaja jël benn?
**Siidi:** Bëgg naa ko ndax nataal yu yéemé yu rafet lay def.
**Aysa:** Te yemul foofu, ndax dangay faral di ko jëfandikoo ci njàng mi, ci sa liggéey aki mbir yu bare.

.

# Jukki bi:

Jollasu xarala bu bees la buy jokkale nit ñi .Mënatul ñàkk ci sunu dundu bés bu nekk. Mën nga ci woote, walla jàng, walla liggéey ci. Xaralay jollasu yu xarañ yu méngoo ak jamono doonte seen njëg jafé na, dañuy yombal jokkoo gi. Nekk nañu jumtukaay yu am solo ci liggéey te bégal xol .Waaye soo ko jëfandikoo wee lu ëpp mën na la jural ay loraange.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "jokkoo " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "jullosu"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Lan mooy jollasu ?
2- Luy njariñam ?
3- Lan lay yombal nit ñi ?
4- Lumu lay indil boo ko baree jëfandikoo?

**NOSUKAAY**




**Waxtaan ci diggante Aana ak Aysa**

**Aana :** Na nga def Aysa! Ndax dangay faral di jëfandikoo sa Nosukaay.
**Aysa :** Maa ngi fii rekk ! Waaw bés bu nekk dama koy jëfandikoo.
**Aana :** Lan moo la ci gën amal solo ?
**Aysa :** Li ma ci gën amal solo mooy sama liggéey dafay gaaw te yomb. Yaw nag ?
**Aana :** Man li ma ci gëna neex mooy, fànn yiy bégal xol: seetaan nataal aki woy.

# Jukki bi:

Nosukaay dafa am solo ci sunu dundu bés bu nekk. Dañuy yombal sunu líggéey , sunu jokkoo ak sunu jot ci xibaar yi. Nosukaay yi, mën nanu def liggéey yu jafe ci diir bu gàtt, ci anam yu jaar yoon. Am na solo ci fànn yu bare, niki jàng, paj xam- xam ak yeneen yu bari .

Fii may jeexale mooy nosukaay dafa am solo lool ci di bégal sunuy xol seetaan film, deglu woy ak di ko liggéeyé .Ci gàttal, nosukaay nekk na jumtukaay bu am solo buy yombal sunu dundu ci anam yu bari.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "diir bu gàtt " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "nosu kaay"?


- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Luy njariñu nosu kaay ?
2- Ci yan fànna la nosu kaay ame solo ?
3- Mottaliil kàddu gii : "Ci gàttal nosu kaay nekk na ..."

# Xarala yu bees yi

**TELEWISOŊ**



Waxtaan ci diggënte Siidi ak Aamadu

**Aamadu :** Na nga def Siidi? Ndax yaakaar nga ni telewisoŋ a ngi wey di am njariñ ba leegi ak xarala yu bees yi xew ?
**Siidi :** Maa ngi ci jàmm ! jàpp naa ni telewisoŋ mi ngi wey di nekk lu am solo.
**Aamadu :** Wax nga dëgg. Xibaaru telewisoŋ lu wóor la ci nit ñu bari.
**Siidi :** Te yemul foofu, dafay def ay jotaay yuy bégal askan wi.
**Aamadu :** Man nak li ma ci gën neex moo di jotaayu rabi àll yi ak togg yi.
**Siidi :** Te itam day dajale nit ñi, wuuté na ak jollasu.
**Aamadu :** Waaw -waaw waxtaan wi ak weccoo xalaat yu seetaankat yi di def lu am solo la ci mbokkoo.
**Siidi :** Ba léegi mi ngi wéy di nekk jumtukaay bi gën am solo ci sunu dundu bis bu nekk.

# Jukki bi:

Telewisoŋ mingi wey di nekk jumtukaay bu am doole te bari njariñ. Daf lay yombalal nga mëna joxe xibaar ak xew- xew yu am solo ci saasi. Rax ci dolli, dafay amaale xeeti bégal xol yu bari, lu ci melni, dokimenteer, film aki xew -xew démb yu bari.
Dafay jàngal nit ñi itam aada ak cosaan. Jumtukaay la buy boole ay mbokk ak xarit ci toogaay .Fi may jeexalee mooy, ak jëm kanam gi ci xaralayi, Telewisoŋ yi dañuy boole ay man- manin ci wecco xalaat.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "cosaan " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "Telewisoŋ"?


- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Lan mooy njariñu Telewisoŋ ?
2- Ban njariñ la Telewisoŋ mëna jàngal nit ñi ?
3- Lan moo wuutale Telewisoŋ ak jollasu ?

# Xarala yu bees yi

**PANO SOLEER**



## Waxtaan ci diggënte Siidi ak Aamadu

**Siidi :** Jàmm nga fanaan ! dégg naa ñuy wax ni dañuy samp ay pano soleer ci dëkk bi loo ci xalaat ?
**Aamadu :** Jàmm rekk ! yaakaar naa ni xalaat bu baax la! Te dinanu mëna jox mbëj bu ñu mëna jëfandikoo ci kër yi .
**Siidi :** Waaw, te lu ci gën am solo mooy dina sakkanal sunu dépãs ci xaalis .
**Aamadu :** Wax nga dëgg , ndaxte pano soleer yi dañuy jàpp leeraayu jant bi soppi ko mbëj.
**Siidi :** Loolu yéeme na de !
**Aamadu :** Yaakaar naa ni noo ngi ci yoonu yokkuté.

# Jukki bi:

Pano soleer yi dañuy jàpp leeraayu jant bi soppi ko def ko kuuraŋ. Dañuy joxe enersi buñ mëna yeesal te set .Njariñ yi ci nekk ñooy dangay am kuuraŋ ci njëg yu yomb, wàññi itam polusioŋ jawwu ji Dina tax ba tay waa àll bi gëna moom seen bopp ci wallu yoonu yokkute. Pano soleer ay pexe yu njariñ ëlëg lañu ci xarala yu bees yi.


## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu “polusioŋ“ ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu “Pano soleer”?

- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Pano soleer fu muy jële kuuraŋ?
2- Yan njariñ la pano soleer am ?
3- Lu muy njariñ waa àll bi ?



# Njóol yi

## MBAAXU SËRIÑ

Damay yaatu xol te bari yërmandé.
Damay jokk mbokk te di ko jokkale.
Di diglé lu baax di tere lu bon .
Ku fi réer ma gindi la .
Ku fi juum ma jubbanti la .
Ngir doon royukaay bu ñépp rààññee.
Xam-xam bi ma yor dama koy laabe biir.
Sama ndongo moom dama koy jàngal ba mu xam.
Ngir firndéel te dëggal li ma doon.
Di na ma naw ngir sama njaxlaf.
Di na ma fonk ngir sama fayda.
Di na ma taafantoo ngir sama jom.
Du ma doon waayu xamoon naa ko.
Wante waayu waxoon naa ko.

Ibnu ndaw

## YAXANTUKAT BI



**Waxtaan ci diggante Aysa ak Amet Naar**

**Aysa :**Salaamaalikum, boroom bitig jaay ma.
**Amet** naar: Wa aleykum salaam, looy jënd ?
**Aysa:** Ñaari kiló ceeb, liitar u dëwlin, ñaari doomu soble ak ñaari saf safal.
**Amet naar :** noppi nga ?
**Aysa :** waaw, xaymaal te delloo ma sama weccit.
**Amet naar :** Am sa weccit .
**Aysa :** Jërëjëf, yen dul ak jàmm.
**Amet naar** : yow moomu , looy wutt, doo wax loo soxla, ma jaay la.

# Jukki bi:

**Sunu bitigu pégg bitig bu rëy. Bitig bi nag lu nekk lañu fay jaay . Lu mel ni ceeb, diwlin, potu meew, soble, pombiteer, ak dugub, suuna ak yeneen xeeti lekk yuy dimbali doomu aadama. Bitig ba ngi féyte ci digg dëkk bi jàkkaarloo jumaa ju mag ji. Bitig bi rëy na waye itam set na ndax lépp lu ñuy jëfëndikoo dafa wara sell.**

## Laajte nemmeeku:

**1- Génneel baatu "dimbali " ci jukki bi.**
**2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "Bitig"?**

- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

**1- Lan moo am ci biir bitig yi?**
**2- Jox ma xeeti lekk ci nekk ci biir bitig yi.**
**3- Bitig bi fan la féyte ci dëkk bi?**
**4- Kan moo yor bitig bi?**



# JÀNGALEKAT




### Waxtaan ci diggante Siidi ak Aysa

**Siidi :** Tay la jàngalekatu wolof bi di ñëw.
**Aysa :** Teewaayam, lu am solo la ci njaboot gi .
**Siidi :** wax nga dëgg , ndax nit ki soo amul xam-xam, baayima sax moo lay tane.
**Aysa :** Kon nañu fonk jàngalekat yi .
**Siidi :** Ku la jàngal, mënoo ko fay.

# Jukki bi:

Teewaayu jàngalekat ci bërëb lu am solo la. Ndax xam- xam la lamboo .
Kon nanu faaydaal jàngalekat yi te di leen sargal. Te it jàngalekat dafa war am taxawaay bu matt sëkk ci ndongo yi. War na jox cër boppam ci lépp lu muy def. Jàngalekat moo war dimbale ay ndongoom won leen yoon yu ñu war jaar bay du ñu juum.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "faaydaal " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "jàngalekat"?

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Lan mooy wareefu jàngalekat bi ci ndongo yi ?
2- Kan moo wara won yoon ndongo yi, ngir jëmale leen ci yoonu njub?
3- Lu tax teewaayu jàngalekat am solo ci dëkk?
4- Lan lanu war def jàngalekat bi?
5- Nu jàngalekat war mell?

# Ñawkat bi



**Waxtaan ci diggante Yaa faatu ak Dabaax**

**Dabaax :** Yee sama jigéen ji egsi na, loo bëggoon?
**Faatu :** Da nga neex Lammiñ nag. Mbaa samay ñaw yi noppi na ñu?
**Dabaax :** Say ñaw, daa leen mën yóbbu téy, toogal te ànd ak dal ma jekkali taay baas bi.
**Faatu :** Keroog sér bi ak musóor bi ñoo desoon, tay taay baas bi moo des. Lii bay kañ ?
**Dabaax :** Jarul ngay mer. Xaaral léegi lépp noppi.

.

## Jukki bi:

**Képp kuy ñawkat war na wormaal boppam. Lépp Loo digé ak sa ay ñawlukat nga jeem ko sàmm. Bare na si ñu ciy sàmm seen kàddu. Am na itam ñu ci neex làmmiñ lool te lu ñu la dig du ñu ko jëfe.. Ndax su la nit ñi ràññee ni doo wax katu dëgg, kénn dootu la wekk. Su boobaa nga mere ku la deful dara.**
**Yéen nag ñii di ñawlu dee leen seet lu jaadu bu léen topp rek seen i bëgg- bëgg ngir seen aajo faju.**

### Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "wormaal" ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "jaadu"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

### Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Kan mooy Dabaax ?
2- Kan mooy Faatu ?
3- Yan yére la doon ñawlu ci ñawkat bi ?
4- Jéem leen àggale xët mi ci ñeenti kàddu.



# LAKK KATU MBURU



**Waxtaan ci diggante Mbay ak Bàjjan Aana**

**Aana :** Jàmm nga fanaane , Mbay?
**Mbay :** Jàmm rekk kay, loo bëggoon?
**Aana :** Jaay ma ñaari miisu mburu ak ñeenti nooy neex?
**Mbay :** Waaw, baax na xaaral ma wutal la foo leen def.
**Aana :** Waaw kay, jërëjëf .
**Mbay :** Nuyul ma waa kër ga.

# Jukki bi:

**Lakk katu mburu mii di Mbay bi mu tàmbalee lakkum mburu yàgg na lool. Dafa gëm lumuy def moo tax, nit ñi dañuy jogee fu soré ngir wut si mburu, ay xeeru tuubaa wala nooy neex mbaa kuruwasan ci lakkwaayam. Ñu bare ci jëndkat yi dañu koy ñaanal gudd fan ak wer.**

## Laajte nemmeeku:

**1- Génneel baatu "yàgg " ci jukki bi.**
**2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "mburu?**

- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

**1- Ci ban bérëb lañu mën lakkee mburu ?**
**2- Nan la lakk katu mburu mi tudd ?**
**3- Yan xeeti mburu lañu ràññee ci bërëb bii di làkku kaayu mburu mi ?**
**4- Ñan ñoo séq waxtaan wi ?**



# Xew yi

## MOOM SA RÉEW



### Waxtaan ci diggante Aamadu ak Siidi

**Aamadu :** Yaa ngi waajal bés binu moomee sunu bopp.
**Siidi :** Waaw bëgg naa dem seetaani maaj u soldaar si ak ndongo yi .
**Aamadu :** Wax nga dëgg de dina bare ay xumbeen .
**Siidi :** Moo tax bëggu ma ku ma ko nettali .

.

# Jukki bi:

Moom sa bopp mooy njeexitalu nooteel gi nasaraan yi nootoon sunu réew .Dafay màndargaal ni réew mi am na bàkk , raaya, njiit ak soldaaram di dogalal boppam. At mu ne fii ci Móritani, danuy màggal bés bi nu moomee sunu bopp ci weeru nowambar 28 ci lay am .Réew mi yépp koy màggal lu dale ci njiitu réew mi bay ci ki gëna ndaw .
Danuy amal ay maaj ci biir réew mi yépp sunu dëkkandoo yii ñëw teewe ko, nu ànd deglu bàkku réew mi yékkati raaya ji di saafoonte te ànd ak mbegte mu rëy.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "nasaraan " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd batu "réew"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Luy moom sa reew ?
2- Ban jamano la Moritani moom boppam?
3- Lan lañuy amal cibiir reew mi yépp ?
4- Ñan ñoo koy teewe si ak nun ?



# Xew yi

## KORI GI



**Waxtaan ci diggante Aysa ak yaayam**

**Aysa :** Yaay suba la kori gi de, mbaa yaa ngi waajal laax bi?
**Yaay :** Waawaaw wal naa démb jënd naa meew ba wayal .
**Aysa :** Alhamdu lillaa koon dinaa yeewu teel ngir taal ndékki li in saalaa.
**Yaay :** Dama bëgg sa baay ndekki balaa muy dem julli ji.

# Jukki bi:

Kori gi , ñu xàmmee ko itam ci iid al fitr, mooy njeextalu weer wu sell wi di weeru koor ci jullit yi ci àdduna bi yépp. Ci weer wi yépp dañu ciy ñaan ak jàng alquraan. Dañuy màggal bis bi àndak bànneex. Ci suba si teel balaa ñuy julli ji dañuy joxe muuru koor, neew gi doole yi, ak ñi ndool ñi.
Gannaaw loolu ñu ndekki ba noppi sol yëré yu rafet dem jakk ja julli ji. Bésub yërmaande la, jàpplante ak baalante àq ngir degëral diggante askan wi.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "ndekki " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu "koor"?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Ban tur lañu xame itam kori gi ?
2- Ban jamono lañuy kori ?
3- Lan lañu daan def ci weer wi ?
4- Lan lañuy joxe balaa ñuy julli ji ?
5- Ak ñan lañu kay jox ?



## TABASKI WI



### Waxtaan ci diggante Siidi ak baayam

**Siid :** Baay , mbaa yaa ngi waajal tabaski wi ?
**Baay :** Waawaaw lépp sotti na sant yàlla .
**Siidi :** Mbaa jënd nga xar mu rëy.
**Baay :** Dem naa démb ja ba ànd ak sa Yaay jëndi ko ak sunuy yëré julli.
**Siidi :** Julli tabaski dafa am solo ndax mbokk yépp ñooy teew.
**Baay :** Moo tax dañu ciy baaxantal.

# Jukki bi:

**Julli tabaski, bokk na ci bés yi gëna am solo ci lislaam. Dafay fàttaliku ni sunu maam Ibrayima nangu woon saraxe doomam ngir déggal sunu boroom , mu daldi koy wécci ak xar mi ñu ciy ray. At mu nekk, jullit yi ci àdduna bi dañuy ray benn baayima ( xar, bëy , nag ...) ngir yeesalaat seen ngëm-ngëm . Jiggéen ñi ñoom dañuy taxaw ci liggéeyu kër gi ak togg yi ,xalé yi ñoom dañuy sol seeni yëré julli, buñu añee ba noppi dem ñaani ndéwanal.**

## Laajte nemmeeku:

**1- Génneel baatu "tabaski " ci jukki bi.**
**2-Ñaata yoon lañu ci tudd baati "ndéwanal"?**

- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

**1- Tabaski lumuy fatali ?**
**2- Lan la ko sunu boroom wecce ak moom ?**
**3- Jiggeen ñi luy seen taxawaay ?**
**4- Xalé yi itam luñuy def ci bés bi ?**



# Xew yi

## GÀMMU MOWLUUD



### Waxtaan ci diggante Siidi ak Seex

**Siidi :** Salaamaalikum! Ndax yaa ngi waajal Gàmmu mawluud gi ren ?
**Seex :** Aleykum salaam! Waa waaw damay bég ci ni ñépp di dajee di màggal juddug Muhammed (saw).
**Siidi :** Maa ngi fàttaliku daaw, amoon na bànneex ci ñépp.
**Seex :** Woyi diiné ak xasiday yonent bi dañuy jib ba fajar.
**Siidi :** Di na ñu fa togg itam ay cere yu neex.

# Jukki bi:

Gàmmu mawluud walla Mawlidu nabi mooy juddub yonent bi Muhamed salla lahu aleyhi wa salem . Jullit yi dañuy dajaloo ngir jàng alquraan aki xasida . Dëkuwaay yi dañu leen di defaraat bay ñu rafet. Dañuy togg itam ay ñam yu neex ñépp lekk bay suur sooga dem njàng ya. Gàmmu mawluud dafa boole aada, diine ak cosaan jëm ci jàmmoo ak mbokkoo. Ci xew xewi diiné yi mag yi la bokk.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu “alquraan “ ci jukki bi.
2-Ñaata yoon lañu ci tudd baatu “cosaan”?

- Ma dégg li jukki bi ëmb


## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Lan mooy gàmmu mawluud ?
2- Lu ci jullit yi di def ?
3- Lan lañu ciy togg?
4- Gàmmu gi lumu boole?



# Po ak tàggat

## Làmb ji



### Waxtaan ci diggante Baay ak yaay

**Baay :** Làmb ji ñu dëgmal dina neex.
**Yaay :** Moom digante Kan ak kan La ?
**Baay :** Diggante Cuuraay ak Safara.
**Yaay :** Làmb jooju, kénn du ma ko nettali.
**Baay :** Xar fa fuufa dina bare te wuute.
**Yaay :** Waaye doole ji kénn demul mu des.
**Baay :** Mbër mên a ñàkk doole sax, waaye day liggéey ak xelam.
**Yaay :** kan nga yaakaar ni mooy daan?
**Baay :** Man de Safara la jox ndam li.

## Jukki bi:

**Atum ren Làmb ji wone na boppam, ndax mbër yu mag ñooy bëre, ñu mel ni Cuuraay ak Safara ñooy daje. Waaya doole daal taxul kenn daan.**
**Seetaankat yi, seen yaakaar a tass. Ndax Cuuraay su pankée Safara, war na ko daan. Waaya njaxlafu Cuuraay tax na suñu boroom jox ko ndam.**


### Laajte nemmeeku:

1- **Génneel baatu "njaxlaf " ci jukki bi.**
2- **Ñaata yoon lañu ci tudd turu Cuuraay?**

- **Ma dégg li jukki bi ëmb**

### Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- **Bëré bi digante Kan ak Kan la ?**
2- **Kan moo ëppoon doole ?**
3- **kan la Baay yaakaar ni mooy daan?**
4- **Mottaliil Xët mi, ci ñeenti kàddu.**
5- **Ñan ñoo séq waxtaan wi?**



# Po ak tàggat

## Poo mi (Tabaxkatu Ban)



### Waxtaan ci diggante Maxtaar ak Siidi

**Maxtaar:** Siidi, ñëwal ñu dém foo wi.
**Siidi:** Yow foo rékk, moo nekk ci sa xel mi.
**Maxtaar:** Déedéet, déguloo ma de, dama bëgg nu dém tàkk jukk, wuti ban, tabax ay ndaa, xar-óto, fas ak yéneen jëmm.
**Siidi:** Lii cosaan la woon ca maam ya. Ñoom daan nañu tabax ay ndaa furnó, indé, andu cuuraay ak yéneeni njumtu yu am solo.

# Jukki bi:

Ca jamono maam ñoom, booba àddina neexoon lool. Booba mag ñi dañu doylu. Ku nekk ak lu la yalla mën loo. Ñii ñu ngi xéy ca tool ya, ñii dem rëbbi, ñii di jukki ay kaamil. Am na ñoo xam ne, ñoom seen liggéey mooy di tabax ay ndaa, and cuuraay ak yeneeni njumtu yu waa dëkk bi soxla, su ëppe seen soxla, ñu rawale ko ca réewi taax ngir am ci as weccit ...

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "njumtu " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd baatu jamono?

- Ma dégg li jukki bi ëmb


## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Ñan ñoo séq waxtaan wi?
2- Ñan ñoo gën a fés ci xët mi?
3- Fan la xale yi nar dem fowi ji?
4- Lan la ñoom maam daan fowe?



# Po ak tàggat

## Po wuum raaya



**Waxtaan ci diggante Aysa ak Coro**

**Aysa :** Po mii nga ñu indil, wuute na lool ak mi ma xam.
**Coro :** Waaw li nga wax dëgg la, waaye po wuum nasaraan la.
**Aysa** : Nan lañ koy defee?
**Coro :** Dangay tànn ñaari kuréel u gone , kuréel gu nekk am lu matt 5 ba 10 ndaw ñu jàkkaarloo .
**Aysa :** Waaw Koon raaya bi fan lay nekk?
**Coro :** Ci digg bi la ñu koy samp, ku ñu woo sa tur ngeen daw tase, ku ci jëkk këf raaya bi te kenn njoosula am nga ndam.
**Aysa :** Bu ñu la laale nag?
**Coro:** Nga lajj.
**Aysa :** Po mii de ak Lànga buri sore yoo nañu.

# Jukki bi:

Po wum gone yi wuute nañu, ndax daa ci raññee Lànga buri, Seqoo Faaloo ginaar gi nen na, Butur-ngale ak yeneen. Po yoo xam ne kenn farataal lu ko. Nit warul topp rekk yeneen i po ba faatee sa cosaan. Sunu warugar ñun nii fi desandi war nañu goor goorlu ba feddali po yooyu ba su ëllëgee gone yi fekk fi dara. Mu nekk seen njariñ.


## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "butur ngale " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd turu saa mbori ?

• Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Ban xeetu po lanu wax ci xët mi?
2- Limal ma yeneeni po yoo xam.
3- Jéemal yokk xët mi ci ñeenti kàddu.
4- Ñan ñoo séq waxtaan wi?



# Po ak tàggat

## Futbal



**Waxtaan ci diggante Siidi ak Abdu**

**Abdu:** Tey de joŋante ci wàllu futbal dina am. Ci diggante peggi dëkk bi.
**Siidi:** Futbal de kénn faratal u ko ci miim réew.
**Abdu:** Tin de futbal de bokk na ci luy suqàt wër gi yaram. Dina tax sa yaram di noyyi te feebar yu bare daañu la sore.
**Siidi:** Te itam soo seetloo, futbal ci àddina am na solo ndax xaaliis bu bare lay jur.

.

# Jukki bi:

Joŋante ci wallu futbal dina door ci digante ñaari dëkk yii di Teekaan ak Cambéen.
Waa Teekaan ñooy fekki tey waa Càmbéen ci nawetaan yi.
Abdalaay Samb moo fa def jaloore gu rëy. Moo siggi rekk wuti kã ya, duud góol bi dugal bal bi ñépp yuuxu.
Keroog Ablaay Sàmb ndam lu rëy la am. Waa teekaan ñoom tamit kén demul ñu des, ndax seen futbal jaar na yoon te ànd nañu ak teey ak dal. Joŋante bi jeex ci benn bal ci dara ci jàmm ak salaam.

## Laajte nemmeeku:

1- Génneel baatu "joŋante " ci jukki bi.
2- Ñaata yoon lañu ci tudd turu Cuuraay?

- Ma dégg li jukki bi ëmb

## Tontul laaj yi ci sa kaye.

1- Joŋante bi ci digante kan ak kan la ?
2- Ñan ñooy Joŋante ?
3- Jox ma ñaari turi dëkki wolof ci biir réew mii.
4- Ñan ñoo séq waxtaan wi?



IPELAN